

Umutsama

Ikinyamakuru c'abavumbi N° 17 Nyakanga 2009

URUNANI CAPESA RUHERUTSE KWINSHINGIRA IGICIRO C'UBUKI

Ariko rero harabaye impari ndende kubijanye no gushinga igiciro ubuki bwogurishwako na nyenekwimbura kuko hari abavumbi batari bake bavuga ko ikiro c' ubuki kitotangwa ku mafaranga y' amarundi ari musu y' ibihumbi bine. Abagize urwego nshingwabikorwa rw' Urunani CAPESA baragerageje kwumvisha abavumbi bari aho ko bokwisunga ibiciro ubuki bugurishwako mu zindi ntara nka CIBITOKI aho mu kinyamakuru Umutsama n° 10 havugwa ko igiciro c' ubuki cashinzwe biciye mu mwumvikano ari amafaranga ibihumbi bibiri n' amajana umunani ku kiro.

Iyo mpanuro yaragize ico imara kuko inama ya bose yatevye ishingira ko ikiro c'ubuki bwimbuwe n'amashirahamwe y'abavumbi buzoshorerwa urunani ku giciro c'amafranga y'amarundi ibihumbi bibiri n'amajana atanu ku kiro c'ubuki butayunguruye n'ibihumbi bitatu ku kiro c'ubuki buyunguruye.

Umukuru w'urunani CAPESA yarashimiye abavumbi kw'ishaka n'umwumvikano berekanye mu kuronderera ikibazo nkoramutima inyishu zizotuma umwuga n'amashirahamwe vyabo bitera imbere yongera abasaba ko bokwama bitwararika gushira mu ngiro ingingo zafashwe n'inama ya bose y'urunani rwabo CAPESA.

BITARIHO Gabriel

IMIZINGA YA KIJAMBERE NI KIRUMARA MU MWUGA W'UBUVUMBI



***Mu bihe tugezemwo umuvumbi yokoresha cane cane
imizinga ya kijambere mu mwuga wiwe***

***Ikinyamakuru co gutumatumanako amakuru no guteza imbere umwuga w'abavumbi,- SODES
frères Bene-Yozefu asbl Giheta BP283 Gitega***

URUGAMBA RW'UMUVUMBI AHO ARI HOSE

Umushingantahe Harimenshi Siriveri wo ku mutumba Muhuzu koline Gishubi intara ya Gitega yaragendewe n'uwurongoye urunani rw'amashira-hamwe mu Ntara ya Gitega yitwa Matiyasi MPAHIJE .

Muti mbega uwo Siliveri HARIMENSHI n'umuki ?

N'umuntu yanyuzwe n'umwuga w'ubuvumbi, asanzwe ari kandi umwigisha w'indimo, mugaca mwumva ko umwuga w'ubuvumbi wiwe ushigikiwe, na kare za ntwarirakumaguru nta handi zisoroma atari mu mashurwe avuye ku biterwa n'ibiti kama vy'amashamba.

None uwo muvumbi niwe koko ?

Inkuru ubariwe irutwa n'iyi wiboneye. Uwo muvumbi arafise imizinga rwiwe itandatu (6), akaba kandi atibagiye kwifatanya na benewabo mu gushinga ishira hamwe ryitwa « ABAHANAKIYAGO », rifise abanywanyi 18.

Muti mbega ryoba rifise ingorane ?

Erega burya ntawamana ibiroranye. Kandi ngo akaryoshe ntikarya umwe. Abanywanyi b'ishira hamwe bazindutse mu gatondo ka kare kugenzura imizinga yabo nk'uko bari basanzwe babigira rimwe mundwi, maze basanga imizinga ine ba kaboko bayibangiye ingata. Icababaje n'uko uwurongoye ishira hamwe yituye ku nyamiramabi kandi mwene gukorakoza yafatanywe itonga ntihagira ikivamwo. Inyanduruko yo kugabura imizinga y'inzuki icye yaduka.

Amagorwa ntasiga ayandi

Kubera umuriro wa nyakanga, imizinga yabo hahiyemwo itandatu. Nazo inyoni zitwa umugwi zihereje inzuki zari mu mizinga ngizo ku mpuzo ziriko ziranobagura.

None kwoba uguheberana ?

Matiyasi MPAHIJE niho yamukebura ati : muntu we ! N'aho bavuga mu kirundi ngo: « *intamenya izitira yamaze kwonerwa* », gerageza imizinga y'ishira hamwe muyishire hamwe, muyubakire muce umuciro, maze gutyo muzoshobora kwigenzura, mbere n'izo nyoni zibateye isibe zibone gutuzwa.

Imbere yo gusozera, HARIMENSHI Siriveri yaramenyeshije ko anyuzwe n'impanuro, ariko arashikiriza ko ishira hamwe ryabo ryofatwa mu mugongo n'abagiraneza bobaronsa imizinga ya kijambere n'ibikoresho vyo guhakura.

Imbere yo gutandukana umushingantahe MPAHIJE Matiyasi yaramuresheje ati bandanya mwiyounganyana, umugiraneza nawe arashobora kuboneka ariko na wewe usanzwe uzi ko baca umugani mu kirundi ngo: « *Imana ifasha uwifashije* ».

Matiyasi MPAHIJE

UKURIMA N'UKUBAGARA BIRAJANA

Umuvumbi yitwa Lusiyano KAYIGO wo ku mutumba Nyakarambo koline Ryansoro, intara ya GITEGA abivuga ko iki ?

Uwo Lusiyano KAYIGO asanswe ari umwe mu bavumbi banyuzwe n'umwuga akaba ari mw'ishirahamwe ryitwa «*Umutsamawakarerama*». Umunsi umwe, yakoranije abo basangiye ishishirahamwe ati, ubwo ntimwoza tukagenda kuraba ya nka yacu, (imizinga) aho igereye ?

Niho yahitana impuzu z'ubuvumbi n'ifumba akagenda kuraba imizinga yabo, akirengutse iruhande y'imizinga, yagiye abona abana bamye baragiye hano ibitiba bibiri bahenuye barondera ubuki. Niho yavugaga ati : « *bwabundi ukurima ntubagare birababaza* ». Aho vyatumwe n'umunywanyi yari aramukiye uno munsi kugenzura imizinga atazindutse. Ati ariko akadasizeho kaba gasema. Ubu tugiye gufata umugambi wo kwama ducungera na ntaryo umurima wacu « imizinga ».

Ariko yoba yarakeye mu maso ?

N'aho haciyemwo iyo ngorane y'abo bana, amaze kumva akamotera k'umutsama kava mu mizinga, umutima warakeyutse maze avugaga ati : «*ngira ngo uno munsi ntitubura n'iciro ry'umugani (ubuki na bukeyi)*». Amaze gufundurura, inzuki zamushwayeko, ariko nawe yaciye abarira uwitwa Pasikare MAGARA bari bajanye ati : sha ntitube ba ndabukanzwe (abanybwoba), na kare akagumye bagumako, ingo tubandanye igikorwa catuzanye.

Nawe muvumbi canke wipfuzaga umwuga w'ubuvumbi shira ikirenge mu kirenge ca Lusiyano KAYIGO, gutyo uzoheza ube rurangiranwa mu mwuga w'ubuvumbi.

Matiyasi MPAHIJE.

MU MASHIRAHAMWE Y'ABAVUMBI HAVUGWA AMAKI

Renovato NDIKUMANA aserukira abavumbi bo mu ntara ya CIBITOKI aherutse kugendera amashirahamwe amwe amwe yo muri koline BUKINANYANA, aho yishikiye ku kivi kugira ngo yirabire yongere aganire n'abavumbi bagize ayo mashirahamwe.

Muri zone Mikoni, yakiriwe n'umukuru w'ishirahamwe Tugarukire ubworozi bw'inzuki riri ku mutumba wa Gatwa aho yaciye amwiganira ubuzima bw'ishirahamwe ryabo. Nawe ati « Ishirahamwe ryacu ryatanguye mu mwaka 2004 rigitangujwe n'abanywanyi indwi. Ariko mu nyuma bahavuye biyongera kubera bari bamaze kujijuka bakamenya ineza y'amashirahamwe. Tukaba dufise imizinga ya kijambere cumi n'itatu (13) n'iy'ikirundi mirongo itanu (50).

Aho twatanguye gukorera ntihasha neza ubuki, ntamwimbu twaronka, eka mbere na Komine yaciye ihagomwa, ica ihashira ishule yisumbuye ya Komine (lycée Communal) ; duca twimukira ku musozi wa Gihinga, aho umunyeshirahamwe yabaye aradutiza. Kubera ko n'amabanki aje vuba mw'ikomine yacu, amafaranga yacu, amafaranga yova mu ntererano no mu mwimbu w'ubuki twayashira mu kugura imizinga. Ubu tukaba twiyemeje ko tugiye kuja muri banki COSPEC aho tuzosaba n'ingurane yo kurangura iyindi migambi yoteza imbere ishishirahamwe ryacu.

None iryo shirahamwe rimaze gushika kuki ?

Umukuru w'ishirahamwe tugarukire ubworozi bw'inzuki, aravuga ko ata vyinshi birarangurwa kubera ko mu ntango bagize ingorane z'itongo ariko barashima inyungu zimwe zimwe ziboneka hagati mw'ishirahamwe, zijanye :

- N'ubuki bubafasha mu ngwara zitandukanye batiriwe barabugura.
- Kubera umwuga wabo w'ubuvumbi, barahurira hamwe bakayaga, mbere bakavugana kazoza kabo n'akimiryango yabo.
- Baratanga inyigisho z'uwo mwuga nkuko nabo bazigishijwe n'umugambi wa PRDMMR-FIDA
- Barafashanya, bagakomeza urukundo muri bo no mu bandi bantu.

Mu mpanuro, uwuserukira abavumbi Renovato NDIKURIYO yashikirije harimwo :

- kwegeranya ubuki kandi ko borondera n'inzu yo kubudandarizamwo mu ntumbero yo kubwegereza abanyagihugu no mw'iterambere ry'ishirahamwe
- kurondera itongo bwegu ry'ishirahamwe nakare ngo : « *ako i muhana kaza imvura ihise* ».
- Gutera ibiti ku neza y'ishirahamwe.

None muri zone Rusenda yasanze vyifashe gute ?

Uwuserukira abavumbi yakiriwe n'umukuru w'ishirahamwe TUJIMBEREKURUYUKI, umushingantahe Siliveri SINZOBASHIKAKO ari kumwe n'abanywanyi. Muri iryo shirahamwe barashikirije ingorane z'ubusuma bw'ubuki n'ubugizi bwa nabi bukorerwa imizinga mu kuyisambura. Renovato NDIKURIYO yaramenyeshije ko iyo ngorane yibonekeje mu mashirahamwe atari make ari mu ntara ari naco gituma yahaye impanuro abavumbi ko bokenyera zikaguma bakararira ubworozi bwabo ngo nakare ntawukama iyo atagaburiye, gutyo abazofatwa muri ubwo bubisha bagashengezwa mu bajejwe ubutungane bagatako bakariha ibimaze kwononekara vyose.

Renovato NDIKURIYO

NO MURI KOMINE TANGARA UMWUGA W'UBUVUMBI URI KO URAKOMERA

Muri Komine Tangara, iri mu Ntara ya Ngozi, abanyagihugu baramaze gutahura akamaro k'umwuga wo kworora inzuki no gukorera mu mashirahamwe y'abavumbi.

Amashirahamwe y'abavumbi yo muri Komine Tangara yifashe gute ?

Muri komine Tangara ubu haharurwa amashirahamwe y'abavumbi 6 akwije ivya ngombwa yemewe n'ubutegetsi.

- ***Ishirahamwe Ntanguvuzampingwe*** rikorera ku mutumba Rushoka zone Musenyi rigizwe n'abavumbi cumi n'indwi harimwo abakenyezi bane. Iryo shirahamwe rifise imizinga ya kijambere 42 n'izinga y'ikirundi 18.

-***Ishirahamwe INTWARIRAKUMAGURU*** rikorera muri zone NYAGATOVU rigizwe n'abanywanyi 21 harimwo abakenyezi 3. Iryo shirahamwe rifise imizinga y'ikirundi 30.

- ***Ishirahamwe NZOKUYAGAMWAMIWINZUKI*** rikorera ku mutumba KIGOMERO muri zone Tangara, rigizwe n'abanywanyi 12 harimwo abakenyezi 2. Iryo shirahamwe rifise imiznga y'ikirundi 15.

- ***Ishirahamwe MPAMAGARANGUKIZE*** rikorera ku mutumba Mukongwa, muri zone NYAGATOVU rigizwe n'abanywanyi 22 harimwo abakenyezi 3. Iryo shirahamwe rifise imiznga y'ikirundi 38.

- ***Ishirahamwe TWUNGUBUMWE*** rikorera muri zone KANANIRA.

- ***Ishirahamwe GARUKIRINZUKI*** rikorera muri zone Gasezerwa.

Hariho n'ayandi mashirahamwe y'abavumbi atari make ariko ararondera ivyangombwa kugira ngo aronke uburenganzira bwo gukorera ahabona. Ayo mashirahamwe ukwo ari kwose aramaze kuja hamwe aragira urunani ku rwego rwa komine n'urwo amazone kandi yaratoye n'abagize amakomite arongoye urwego rumwe rumwe. Abavumbi bo muri KOMINE Tangara barafise ishaka rikomeye ryo guteza imbere umwuga wabo kandi bakavyerekana ari mu manama bagira ari mu bikorwa barangura. Ni naco gituma abavumbi bama batumiwe mu manama yerekeye abarimyi n'aborozi atunganijwe muri komine.

Abarundi bati: « imitwe ikora ikoranye ».

Abavumbi bo muri komine Tangara barumva ko bakeneye kwiga ubuhinga bwo kworora inzuki kijambere kugira ngo inzuki zabo zimererwe neza kandi n'umwimbu wongerekane. Ni muri iyo ntumbero bategekanije mu migambi yabo ukugenderanira hagati y'amashirahamwe y'abavumbi yo muri komine Tangara no kugendera ayo mu yandi makomine, naho uburyo bukenewe butoroshe kuronka, kugira ngo bamenyane n'abandi bavumbi, bongere bacurike imitwe hamwe bahanahane ivyiyumviro kubijanye n'iterambere ry'umwuga wabo.

Uwo mugambi batanguye kuwushira mu ngiro kw'igenekerezo rya 20 Myandagaro 2009. Intumwa za Komite Nshirwabikorwa y'Urunani rw'Amashirahamwe y'Abavumbi yo muri Komine Tangara, zirongowe n'umukuru w'urwo runani, RUTERAKAGAYO Gerevazi zagendeye abavumbi bo mu makomine ya Busiga na Ngozi aho abanywanyi b'amashirahamwe ABAHUZAMIGAMBI na TWINANATE bazakiranye urweze n'akanyamuneza ntangere. Abasangwa babanza gutembereza abashitsi babo mu bibanza vyororewemwo inzuki hanyuma hagakurikira ibiganiro aho abavumbi bayaga ataco bahishanya ibijanye n'umwuga wabo.

Mu gusozera urwo rugendo, abashitsi barashimye bimwe bivuye ku mutima abasangwa ku kugene bakiriwe bongera babasaba ko uburyo bubonetse nabo babasubiriza mu gikemanyi nakare ngo: «*agafuni kabagara ubumwe ni akarenge*».

Gerevazi RUTERAKAGAYO

INAMA YA BOSE IDASANZWE Y'URUNANI CAPESA.

Kw'igenekerezo rya 6 Myandagaro 2009, inama ya bose idasanzwe y'urunani rw'amashirahamwe y'abavumbi yo mu ntara ya Ngozi (CAPESA) yarakoranye kugira ngo yihweze ikibazo co gukoresha neza umwimbu w'abworozi bw'inzuki na cane cane umwimbu w'ubuki. Ico kibazo cari giherutse kwigwa mu nama yo kuwa 9 Mukakaro 2009 y'urwego nshingwabikorwa rw'urunani CAPESA rwari rwafunditse ko coshikirizwa inama ya bose kugira ngo ifate ingingo.

Abavumbi nidukanure ntidusigare inyuma mu majambere. Mw'ijambo ryo kwugurura ibikorwa vy'iyi nama, umukuru w'urunani CAPESA, Gabriyeri BITARIHO yaribukije abari ngaho ko urunani rwabo rwavutse muri Gitugutu 2005 none ubu ruriko rurakwiza imyaka ine. Ati igikorwa caranguwe muri iyi myaka cabaye ico guhimiriza abavumbi kwijukira amashirahamwe kugira ngo umwuga wabo umenyekane kandi utere imbere. Yabandaniye amenyesha ko ico gikorwa carangutse neza kuko mu ntara ya Ngozi ubu haharurwa igitigiri kinini c'amashirahamwe y'abavumbi, ayamaze kwinjira mu runani CAPESA akaba ari mirongo ine na rimwe. Ati none ubu harageze ko urunani CAPESA rutera iyindi ntabwe mugushira mu ngiro umugambi wo gukoresha neza umwimbu w'ubworozi bw'inzuki, na cane cane umwimbu w'ubuki; uwo mugambi ukaba uri mu migambi nkoramutima rw'iyemeje kurangura.

Yabandaniye akebura abavumbi ko ari bo bafise uruhara ntangere kugira ngo umwuga wabo ube kirumara mu buzima bwabo, mu buzima bw'imiryango yabo no mu buzima bw'igihugu. Ari naco gituma muri ibi bihe Uburundi bwinjiye mw'ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika yo mu buseruko, abavumbi bakwiye kwumva ko ari ukurikanura kugira ngo igisata cabo ntigisigare inyuma mw'iterambere rihagaze ku kwimbura vyinshi kandi vyiza no guhanahana umwimbu biciye mu rudandaza. Ati kandi abavumbi bakwiye gutahura ko nka kurya abarimi b'ikawa bariko bariyungunganya kugira ngo umwimbu wabo ubagirire akamaro, n'umwimbu w'ubworozi bw'inzuki nk'ubuki, ishashara n'ibindi, birashobora kuronka ikibanza ciza mu masoko mpuzamakungu harabwe akamaro bifise mu buzima bw'abantu.

Umukuru w'urunani CAPESA yasozereye iryo jambo asaba ko ikibazo co gukoresha neza umwimbu w'ubworozi n'ugutegera kunini vyamye bibaranga bagafata ingingo zijanye n'ineza yabo hatibagiwe ineza y'abaguzi.

None iyo nama yashitse kuki ?

Imbere y'uko abavumbi bari aho bafata ijambo, icegera c'umukuru w'urunani CAPESA, umufasoni Rejina NDAYIRORE yashikirije ingene ishira mu ngiro ry'umugambi wo kwegeraniriza no kudandariza ubuki mu kibanza kimwe ryotunganywa, yamenyesheje ko urunani CAPESA ruciye ku runani rw'amashirahamwe y'abavumbi ku rwego rwa kominde n'urwa zone, rwokwegeranya umwimbu w'ubuki rukoresheje umutahe uriko uregeranywa n'amashirahamwe arugize hamwe n'imfashanyo canke ingurane zoboneka, rukaronderera isoko ubwo buki hanyuma inyungu ikazogaburwa, nka kurya bigirirwa abarimi b'ikawa. Yarongeye arabamenyesha ko abagize

urwego nshingwabikorwa rw'urunani CAPESA, mu nama yabo yo kuwa 9 Mukakaro 2009, bumvikanye ko kuri nyene guhakura, ikiro c'ubuki butayunguruye cogurwa amafaranga y'amarundi ibihumbi bibiri (2 000F), ikiro c'ubuki buyunguruye kikagurwa ibihumbi bibiri n'amajana umunani (2 800F).

Abavumbi nabo nyene barashigikiye ko bikwiye ko umwimbu w'ubworozi bw'inzuki wokwegeranywa ukadandazwa mu kibanza kimwe kandi kizwi, ntibame bariko baringingira umwimbu wabo abawubagurira. Ariko rero, harabaye impari ndende kubijanye no gushinga igiciro ubuki bwogurishwako na nyene kubwimbura kuko hari abavumbi atari bake bavuga ko ikiro c'ubuki kitotangwa ku mafranga y'amarundi ari muni y'ibihumbi bine (4 000F). Abagize urwego nshingwabikorwa rw'urunani CAPESA baragerageje kwumvisha abavumbi bari aho ko bokwisunga ibiciro ubuki bugurishwako mu zindi ntara nka CIBITOKI aho mu kinyamakuru umutsama n° 10 havugwa ko igiciro c'ubuki cashinzwe biciye mu mwumvikano ari amafaranga ibihumbi bibiri n'amajana umunani (2 800F) ku kiro. Iyo mpanuro yaragize ico imara kuko inama ya bose yatevye ishingira ko ikiro c'ubuki bwimbuwe n'amashirahamwe y'abavumbi buzoshorerwa urunani ku giciro c'amafaranga y'amarundi ibihumbi bibiri n'amajana atanu (2 500F) ku kiro c'ubuki butayunguruye, n'ibihumbi bitatu (3 000F) ku kiro c'ubuki buyunguruye.

Mugusozera iyo nama, umukuru w'urunani CAPESA yarashimiye abavumbi kw'ishaka n'umwumvikano berekanye mukurondera ikibazo nkoramutima inyishu zizotuma umwuga n'amashirahamwe vyabo bitera imbere yongerera abasaba ko bokwama bitwararika gushira mu ngiro ingingo zafashwe n'inama ya bose y'urunani rwabo CAPESA.

Gaburiyeri BIRARIHO

MU NTARA YA KAYANZA HARI UMUVUMBI AHAYAGIZA INZUKI

CISHAHAYO Reneyo ni umuvumbi w'imyaka 29 wo mu Ntara ya Kayanza. Yaraganiriye n'uwuserukira abavumbi mu Ntara ya Mwaro, aramubwira ingene yatanguye umwuga w'ubuvumbi, ingene uwo mwuga umubeshejeho na cane cane ingene inzuki zamurangiye umugeni.

UMUTSAMA : Wewe tugira tunganire, wokwidondora abasomyi b'ikinyamakuru UMUTSAMA ?

CISHAHAYO Reneyo: Jewe mvuka ku musozi Kavumu, Zone Murima, Komine Kayanza mu Ntara ya Kayanza. Navutse mu mwaka wa 1980, ndubatse kandi mfise abana babiri. Narize amashure gushika mu mwaka wa gatandatu. Ndi umuvumbi kuva mu mwaka w' 1997.

UMUTSAMA : Uwo mwuga w'ubuvumbi ko wawutanguye ukiri muto, vyakujemwo gute ?

CISHAHAYO Reneyo : Mu gutangura naguze imizinga 3 ku mafaranga 5 000. Iyo mizinga yarankunze kuko ni yo nakuyemwo umutahe wo gutangura umwuga wo kubaza ibitiba vy'ikirundi. Mu mwaka wa 1999 nari ngeze ku mizinga 20. Muri uwo mwaka nyene, naciye ninjira mw'ishirahamwe ry'abavumbi ryitwa INTWARAKUMAGURU ryo ku musozi Gaco. Mu nyuma iryo shirahamwe sinaribandaniye kuko guhera mu mwaka w'2002 naciye nkora ku giti canje gushika mu mwaka w'2004. Muri uwo mwaka nyene, niho naronka inyigisho z'ubworozi bw'inzuki zitanzwe n'igisata co guteza imbere uburimi n'ubworozi (FIDA- PRDMR). Kuva icyo gihe naciye ndondera abandi bavumbi dushinga irindi shirahamwe ryitwa ZIRADUMA. Muri uwo mwaka nyene, nagiye gukarisha ubwenge mu Ntara ya Cibitoke, mu kigo gitanga inyigisho ku banyagihugu, aho bita muri (CFR) yari ironkomeye na Frera Remy HATUNGIMANA. Izo nyigisho nazikurikiranye imyaka 2 gushika mu 2006.

UMUTSAMA : Mbega none uwo mwuga hari icyo ubona ukumariye mu buzima bwawe ?

CISHAHAYO Reneyo : Uwo mwuga jewe novuga ko ari ingabirano Imana yampaye kuko ntanzwe n'uwo mwuga, nta kandi kazi na kamwe nkora. Ubu nsigaye ndi BITUMWAKO mu ntara zitandukanye z'igihugu. Aha novuga nka Kayanza, Bujumbura na Mwaro. Nkorana n'amashirahamwe canke abikorera ku giti cabo.

UMUTSAMA : Hari n'inkuru zivugako uwo mwubakanye wamurangiye n'inzuki. Ivyo vyoba ari vyo ?

CISHAHAYO Reneyo : Ivyo ni ukuri kuko mu mwaka w'2000, nkiri mushasha mu mwuga, niho nabona umuntu aje andondera ngo nje gutabara umuntu inzuki zaremeye. Nshitseyo, nasanze irumpu ryose ry'inzuki ryaremeye ku gikwembe c'umwana w'umukobwa. Uwo mukobwa sinari ndamuzi kuko ntitwabana hafi. Naciye nitonda, nzingira za nzuki muri ca gitenge, kandi nasanze ata ruyuki na rumwe rwariye wa mukobwa. Izo nzuki naciye ndazatira mu gitiba c'ikirundi aho nyene iwabo. Haheze imisi itatu niho nasubiraye kuraba ko ariho zikiri, nsanga ziramaze gutera ibimamara bitatu bitobito. Aho hari mu kwezi kwa Ruheshi, umwaka w' 2000.

Ivyo bintu nahavuye ndavyiganira umuvumbi yitwa BUCUMI Yohani yanyigishije kubaza ibitiba no kwegeka. Nawe nyene vyaramutangaje, ariko mu nyuma yambwiye ati : « Ko ari umukobwa, izo nzuki zagomvye kukurangira uwuzoba umugore wawe ».

Yabandaniye ambwira ingene inzuki zaje mu Burundi, ati : « Inzuki mu kuza mu Burundi zaguye mu gahanga k'Umwami NTARE RUSHATSI ». Mu nyuma abo iwabo ba wa mukobwa bahavuye bantumako kugira banshimire ko nakijije umuntu wabo. Barahavuye bansaba ko izo nzuki nozibagabira, nca nongerako n'uwundi muzinga ndabagabira ibiri. Hageze kuzikurikirana no guhakura, ni jewe bantumako.

Mu mwaka w'2001 niho nubaka inzu yanje nongerako nja gukwa wa mukobwa kuko twari tumaze kugira imigenderanire ikomeye. Urubanza rwo kwabirana rwaciye ruba igenekerezo rya 3 Myandagaro 2002. Nk'uko nabivuze, ubu tubanye neza kandi dufitaniye abana babiri.

Inzuki zirakaramba !

Muyuku Laurenti

IMPANURO Z'URUYUKI

Wewe wa muvumbi uja ku kazi, ntiwikwege mu kujayo. Ibuka ko umwanya uhita.
Akarorero nguhaye, niwaba wumva unyemera :
Nta nzuki urabona zama zikunda kuyerera?
Burya inzuki zamana umwete wo kudaha mu mashurwe ziyaronderamwo ubuki.
Ngo ikibarirwa ni icumva, icerekwa ni ikibona.

Gervais RUTERAKAGAYO

INYIGISHO ZEREKEYE UBUVUMBI

Ivyimburwa vy'umuzinga :
Akanovera, itegurwa hamwe n'igurishwa ryavyo
(Agrodok 42 ibikurikira)

9. ISHASHARA

Inzuki zirakenere ishashara kugira zirijishemwo ibimamara bizoba-mwo urwari. Ubuki rero nibwo bufasha mu gukora ibimamara bukavamwo n'ingaburo yazo.

Ibimamara bikorwa n'inzuki

Ishashara riva mu dusaho turi mu nda h'inzuki. Utwo dusaho dukuzwa n'ingaburo irimwo umurayi mwinshi uruyuki ruba rwararonse rukiri ruto. Iyo ruronse mwinshi rutarahumûra ruba ruronse ibikwiye vyo gukora ishashara. Inzuki zimaze imisi cumi (10) zivûtse nizo usanga zifise ivyo gukora amashashara vyinshi. Iyo ziriko zirasohora ishashara, inzuki zibanza kurya ubuki bwinshi kuko uko buziborera niko umubiri wazo ushûha, maze n'iryo shashara nyene rikâza rikimeze nk'amâzi. Ziraheza rero zikarishira mu maguru yazo kugira ngo zishobore kurishigisha no kujisha ibimamara. Akazi kambere inzuki zibanza gukora mu gitiba ni ukujisha ibimamara. Ni igikorwa gisaba inguvu zitari nke kuko inzuki ntizishobora kuragama zidafise ibimamara. No mu gihe zidafise igitiba zibamwo ziragerageza zikajisha ibimamara zikoresheje induhûro y'ubuki zifise. Nico gituma umuvumbi mwiza yogerageza ibimamara vyose bikaguma ari vyiza mu gitiga c'inzuki ziwe.

Ingene ishashara rikozwe

Ishashara rikozwe mu bintu bidashobora gushongeshwa n'amâzi. Kugira ishashara ririnde rishonga ubushuhe buba bugeze ku bipimo 65. Ariko ku bipimo vy'ubushuhe 35 ishashara riroroha, umuntu agashobora kuribumbamwo ikintu. Mu kurikûra mu bimamara bara-shobora gukoresha imishwarara y'izuba canke umuhisha w'amazi ari ku ziko. Kubera ko ishashara ridasanzâra, barashobora ku-rihomesha ahantu rikahaguma. Nk'iyi bashâtse gukingira ibintu bikozwe mu mbâho. Aho rigiye nta mazi yinjira. Nko kubitambara vy'impuzu akubitirako agataruka. Ariko rero hariho imiti irishongesha nka benzine n'ibindi.

Ishashara rikiri rishasha rigira ibara ryera. Rirashobora kuba umuhondo (rigasa n'umutoto ubenje) canke mbere rigatukura. Kenshi ibara ry'ishasha riva kw'ibara ry'intinda z'amashurwe.

Mu gusâza, ishashara ribanza gucuya, maze rigahava rikaruhira kwirabura cane cane iyo ibimamara vyagiyemwo ibinyagu . Iyo riri ku zûba, ishashara rirera. Iyo rikanye naho riravunagurika, no kuvunguka rikavunguka. Rikanye kandi riravyimba ariko rikaguma rihwahutse. Iyo umuntu arishize mu mazi ishashara riguma rireremba hejuru. Nico gituma iyo umuntu ahejeje kuribumba ryoroha kuvana mw'iforoma. Rikanye riramadûka ata ngorane.

Akamaro k'ishashara

Ishashara rirakoreshwa ahatari hake mu bintu vyinshi.

Mu bworozu bw'inzuki no mu kugwiza ubuki

Ni cane cane mu gukora ibimamara inzuki zikazokworo-herwa mu kujisha amaso yavyo zitarinze gukoresha ubuki bwinshi. Naho hagenda rikeya ishashara riraribwa iyo umuntu agomvye kunywa ubuki bwo mu bimamara. Noneho biranagoye kunywa ubuki bwo mu bimamara vyateguwe n'abantu mw'ihinguriro. Usanga co kimwe no kunywa ubuki bwo mu bimamara vyajishwe n'inzuki.

Mu mavuta agenewe inganda n'amahinguriro

Abakora ivyuma vyo gucuraranga barashima gusîga ishashara kumirya yavyo kugira yorohe. Co kimwe n'abahingura ibintu mu nsâto nk'ibirato n'amasakoshi. No mu masarumara hamwe no mw'iyandikiro ry'ibitabu rirakora. Mu gushongesha ubutare n'ivyuma naho nyene ishashara rirakenerwa. Eka no mu gutwara umuyagankuba w'amatarata. Abategura umuti wo gusîga ibirato, umuti wo gusukûra amabâti yubatse amamodokari no gutegûra amaforoma y'ibishusho barakoresha ishashara rihakurwa mu mizinga. Amatarata yitwa « amabujji » yoyo arazwi ko ava mw'ishashara. Gushika mu myaka y'1800 mu bihugu vy'i Buraya amabujji menshi yamye akorwa mw'ishashara. Mu gihugu ca Etiyopiya hoho n'ubu baracayakora mw'ishashara. Ikindi kandi aho hambere amabujji akozwe mw'ishashara ry'inzuki cari ikimenyetso c'ubusugi bw'inzuki zirikora.

Ishashara ntaco ritâkora. Ryarakoreshwa no mu mfungurwa zimwe zimwe nk'amabombo mu kuyakingira guhomanako. No mu gupfundikira udukopo turimwo Konfitire canke ivyamwa kugira ngo bigume birumye neza. Ntawokwibagira rero ya mavuta abakenyezi bisîga kuminwa : ishashara rirafasha mu gutegûra ayo mavuta.

Mu vy'ubuvûzi naho

Ishashara rikora cane cane mukuba umwikorezi mwiza w'imiti imw'imwe. Nk'akarorero niryo ripfuka ibinini bimwe bimwe muri birya bacisha epfo mu kubinywa, n'imiti yo mu menyo. Ishashara rirafasha kuvûra ya ndwara iterwa n'imbeho yitwa rimatizume. Rirafasha no mu gukanda uwurwaye. Ibuti ry'ishashara ngo abaganga bararikoresha mu kuzibûra imitsi yadadaye, hâba mu matwi, mu mihogo canke mu mazuru. Ngo rirafasha ubwoko gukora neza. Amabujji y'ishashara arakoreshwa mu masengeru no bihe vyo gusenga. Ishashara kandi, rirakora no mu gusîga ibiziga imbere y'ukubishingura.

Ishashashara ryegeranywa gute?

Ishashara rirashobora kuva mu mizinga canke mu bihonogori aho inzuki ziba hose. Kubera ko ibimamara bisanzwe bikozwe mw'ishashara, umuntu arashobora kwegeranya ibivunjivunji vyose vy'ibimamara gushika aho yegeranya ibitari bike vyo gushongeshamwo ishashara. Riryana riva ku maso y'ibimamara ryoryo riroroshe gutegûra. Uwushaka ishashara ryiza ararisukûra mu kurishongesha ku zûba, mu mazi ashushwe canke mu kuritega umuhisha.

Isuku ry'ishashara riritonderwa rwose. Bararitosôra uducafu twose haba mu kuryanikira ku zuba, mu kurihwata canke mu gusubira kurishongesha rikazokwi-yegeraniriza mu vyombo rikiha intibatimba ntoya. Aho niho ubupfu rifise bwibonekeza neza. Baraheza bagasubira kuribumbabumbira mu maforoma yisumbuye. Abavumbi barakwiye kuja hamwe kugira ngo ishashara ryabo rigire akamaro. Ni vyiza kudandaza ishashara ritavanze n'ibindi bintu ahandi ho rica rita agaciro.

Urugangiriro

Urugangiriro rutegurwa n'inzuki. Nazo zikoresha amosozi y'ibiti hamwe n'ubwome bwavyo. Zirushikanye mu gitiba ziraheza zikaruhingûra mukuruvanga n'ishashara hamwe n'uruseru-seru ruva mu mitwe yazo.

Urugangiriro rurîsa

Rurafata ku ntoke, rugasa n'irangi rizize. Inzuki nirwo zikoresha mu guhoma imyenge n'imigâga y'igitiba aho iri hose, no mu gihe zishaka kugabanya ubwaguke bw'impuzo. Mw'ishashara ryo gufundikira amaso y'ibimamara, zirakoresha urugangiriro ruke ruke. Zirashobora no kuruhoma ku bansi bazo nk'ibikoko biremereye bipfira mu gitiba. Mu gitiba kimwe inzuki zirashobora kuronka urugangiriro rupima amagrama 100. Urugangiriro rurimwo ubwome n'imbatsi zitari nke kubera ko ruva ku biti bitandukanye. Rurashobora kugira ibara rizize, irisa n'agahama canke irisa n'umutoto uhishiye (ry'umuhondo). Narwo nyene ntirushongeshwa n'amazi ariko iyo ubushuhe burenze ibipimo 35 rurashobora gushonga. Urugangiriro nta ngaburo ndemamubiri rurimwo. Ariko kubera ruva ku biti bitandu-kanye ari vyinshi, rurashobora kuvûra indwara zitari nke. Rurashobora kunigira mu menshi imigera imw'imwe iba mu mubiri w'umutu mu kuyibuza guhema, kunywa no kuryana. Ngo rurakomeza amagufa y'umuntu rugakomeza uruhu. Rurafasha mu kuvûra imvune n'ibikomere. Ariko umuvumbi wewe yomenya ko rushobora kumuhurira rukamutera ibikomere ku mubiri. Nico gituma yokwama yambaye ibirato vy'intoke iyo agiye guhakura.

Bararukoresha mu kuvûra indwara zimwe zimwe

Urugangiriro ruriko umuti w'ibikomere, w'inkorora hamwe n'umuti wo kwoza amenyo. Rurafasha gusukûra uruhu no mu mavuta yo kwisîga. Rurakiza ibimême, ibisebe, ubushe n'ibindi bigwara vyo ku ruhu. Urugangiriro ruraribwa iyo ruteguye bwa gafu bashira mu buki. Bararukoresha mu gutegûra ibinini ariko muri ico gihe ruba rutegûwe neza kuko mu nda ntirushôka ruyonga. Ruravamwo n'imiti yo kuvûra inkorora.

Rurafasha mu gutahisha ibitiba

Mu gutahîsha inzuki, abavumbi bararukoresha, bakaruvanga n'ishashara igihe c'ukwonsa ibitiba. Mu kizungu bararuvanga n'imboyi kugira ngo ibitiba bishobore gutahwa vuba na vuba. Aho hambere naho abantu bararuhoma ku mvune mu kwunga bararuhomesha inkono zâse imigâga. Bararuvanga n'ibindi mu gutegura amarangi ariko ubu abahinga bavyo baragabanutse rwose. Baragoye kumenya. Kera urugangiriro rwarakora mu gusîga imbaho, intebe n'ububâti. Bararukoresha mu gukana imiryana y'inanga, insâto n'ibindi bicurarangisho.

Ubuhinga bwo kurwegeranya

Urugangiriro rurashobora kwegeranywa mu buryo butari buke. Mu gitiba urashobora kuronka urugangiriro rusukûye mu gushira mu gitiba (hejuru y'amakadere) akayungiro gafise amaso mato mato akozwe mu tunyuzi (twa plastike) tumeze nk'ishashara nyene. Umuntu arashobora no gutegekanya utuyungiro nk'utwo hagati y'amakadere. Inzuki zibonye hariko udutoboro zica

zirondera kutuzibira, umuvu-mbi nawe akazohakura urwo rugangiriro. Ararushingura ahantu hapfutse neza nko muri Frigo akazoheza akaja ararubarura arukûra kumaso ya ka kayungiro. Mu buhinga bworoshe ni ukuruharagata ku makadere yose igihe bavuye guhakura. Hariho n'ubuhinga bwo gupfundikira impuzo n'igikunga gifise umwenge munini. Inzuki zica zigerageza kugabanya uwo mwenge mukuzana urugangiriro rwinshi zigahomesha aho ziba zishaka guhoma.

Urugangiriro ruhingurwa gute ?

Umuvumbi arasukûra urugangiriro mu kurutosora amahwa, ishashara, imisumani, n'ubundi bucafu. Umuntu arashobora kurusya mu gihe rukanye cane. Iyo afise vya vyuma bikanyisha rwose aba ahiriwe. Urumeze neza ni rurya rurimwo imicafu mike; ntirushingurwa mu bikopo vy'ivyuma kuko ruramutse rushonga kubera ubushuhe, rwohava rumata mu gikopo rugahava rwanka kukivamwo. Vyiza rero rwoshingurwa mu bikopo vya prastike.

Inzuki

Inzuki zifise uruhu rworoshe, zirafise amaguru, zikagira amababa yo kuguruka. Umubiri wazo ufise uduhiro turimwo imbuto z'irondeka. Amaraso yazo nayo arimwo utunure tunyerera nka kurya tubibona mu mate y'umuntu canke mu gikororwa ciwe.

Mu vyerekeye ubuvûzi

Inzuki utwo tunure tugize umubiri w'uruyuki turafise ico dufasha mu mubiri w'umuntu mu gutanga inguvu cane cane. Ikinure c'uruyuki gikomeye rwose ni kiriya gishingura imboyi.

Uruzogi rw'uruyuki rworwo turusangamwo ubuki n'umurayi ; navyo bikaba arivyo bifasha uruyuki guhingura infungurwa.

Mu buvûzi nyene barakoresha amazi avuye mu mubiri w'inzuki akavamwo umuti. Karya gahwa gacumitana kari inyuma h'uruyuki barakanikira nako nyene kakava-mwo umuti nkuko dusanzwe tuzi ko imboyi nazo nyene zirimwo umuti uhambaye. Tusanzwe tuzi kandi ko imboyi nazo mu gusohoka ziva mu nda y'uruyuki, zica muri ako gahwa.